



Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 125 PRIM POU BAY FINANMAN FONKSYÒNMAN  
POU JISKA 5,000 INITE LOJMAN SIPÒ NAN TOUT ETA A**

***Prim yo sipòte plan lojman senk ane 25 milya dola san parèy Gouvènè Hochul a  
pou konstwi oswa konsève 10,000 inite lojman sipò***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 125 prim kondisyonèl pou finansman anyèl pou bay sèvis ak depans fonksyonman pou jiska 5,000 inite lojman sipò pou sèvi granmoun aje, sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks, veteran ak fanmi kwonik ki sanzabri ansanm ak moun ki gen yon maladi mantal oswa maladi itilizasyon sibstans, pou site sa yo sèlman. [125 prim kondisyonèl](#) yo atravè setyèm faz Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la pral finanse lojman sipò nan 35 konte epi pèmèt benefisyè yo jwenn finansman kapital separe pou finanse pwojè lojman yo.

"Tout Nouyòkè yo ta dwe gen yon kote ki an sekirite, ki abòdab pou yo rele lakay yo, espesyalman moun ki pi vilnerab pami nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ Lojman Sipò Empire State la kontinye rete yon eleman enpòtan nan efò nou pou nou adrese kòz rasin enstabilite lojman yo epi bay moun ki fè eksperyans sanzabri yo sèvis yo ka konte sou yo pou yo viv an sekirite nan anviwònman endepandan."

Prim kondisyonèl pou sèvis ak depans fonksyonman yo depann sou yon pwojè ki garanti mwayen nouvo konstriksyon, reyitilizasyon adaptif pwopriyete ki pa rezidansyèl, oswa reyabilitasyon pwopriyete rezidansyèl ki pa reglemante pou kreye lojman sipò entegre abòdab. Yo prevwa premye pwojè yo ki satisfè kondisyon kapital yo nan prim yo pral bay jiska 1,400 nouvo inite lojman sipò ane sa a, sa k ap jenere jiska 30 milyon dola nan prim pou fonksyonman yo.

Yo pral itilize prim kondisyonèl yo pou founi asistans lwaye ak sèvis pou popilasyon sible elijib yo pou garanti yo gen lojman estab. Depi kreyasyon li, Inisyativ Lojman Sipò Empire State te bay finansman fonksyonman pou plis pase 7,400 inite k ap sèvi popilasyon vilnerab yo.

Inisyativ la bay finansman pou operasyon pou founisè sèvis sipò yo k ap sèvi veteran ki sanzabri ansanm ak fanmi yo; viktim vyolans domestik yo ak vyolans ki baze sou sèks; sitwayen granmoun oubyen tigranmoun ki frajil yo; jèn adil ki gen istorik nan prizon,

sitiyasyon sanzabri oswa fanmi dakèy yo; fanmi ak moun ki nan sitiyaasyon sanzabri kwonik yo; moun ki gen andikap entelektiyèl oswa devlopmantral yo; moun k ap retounen nan kominote a apre yo soti nan prizon; ak moun ki ap viv ak VIH oswa SIDA, maladi mantal ki grav ak/oswa twoub toksikomani yo. Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a sèvis antanke ajans acha prensipal pou finansman an, ki dispèse nan yon gwoup travay entè-ajans ki gen uit ajans Eta k ap sèvi Nouyòkè ki vilnerab yo.

Finansman yo bay atravè inisyativ la ka itilize pou asistans lwaye ak sèvis pou popilasyon sib ki kalifye yo pou asire estabilite lojman yo. Itilizasyon ki otorize yo se sibvansyon lwaye ak lòt depans okipasyon; sèvis oswa anplwaye pou idantifye epi lokalize moun ki kalifye ki bezwen lojman; sèvis sante regilye ak sante konpòtmantal; fòmasyon pwofesyonèl ak travay; asistans pou edikasyon, devlopman konpetans ak sipò pou paran; asistans oryantasyon pou swen timoun ak entèvansyon pou kriz; sèvis pou timoun, ki enkli defans edikatif, sipò ak oryantasyon; ak depans ki asosye ak sèvis ki ede moun ak fanmi yo rete loje.

Rechèch yo montre ke lojman ki bay sipò pèmanan diminye demann pouabri, kabann lopital, sal ijans, prizon, anplis sa gen efè pozitif sou travay, prezans nan lekòl ak byennèt mantal ak fizik. Pwojè lojman ki bay sipò yo ka afekte katye yo pozitivman atravè nouvo konstriksyon oswa nan reparasyon bilding ki egziste yo.

Pwojè yo ka resevwa jiska 25,000 dola pa inite pa ane pou finansman sèvis ak fonksyonman yo bezwen pou fè fonksyone inite lojman sipò pèmanan yo. Yo prevwa benefisyè yo pral garanti finansman kapital apa pou finansman devlopman ak konstriksyon pwojè lojman yo an.

Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la se yon eleman enpòtan nan plan odasye Gouvènè Hochul la nan tout eta a pou fè lojman vin pi abòdab, ekitab, epi estab. Nan Bidjè Eta pou ane sa a, Gouvènè Hochul te garanti yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, k ap ogmante rezèv lojman lè li kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo.

**Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare,** "Angajman Gouvènè Hochul pran nan swen sante konpòtmantal ak nan lojman sipò te pèmèt plizyè milye moun ak fanmi resevwa sèvis yo bezwen pandan y ap viv nan pwòp kay yo. Lojman ki an sekirite epi ki bay diyite pral bay moun k ap viv ak maladi mantal ak lòt pwoblèm sante konpòtmantal estabilite ak sipò yo bezwen pou yon rekiparasyon ki pote siksè."

**Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans NYS la, Chinazo Cunningham, te deklare,** "Prim ESSHI yo ap kontinye pèmèt nou rive jwenn menm plis Nouyòkè ki nan bezwen atravè Eta a. Nou konnen lojman se yon bagay ki enpòtan pou ankouraje sante ak byennèt jeneral yon moun. Angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou asire aksè ak lojman sipò enpòtan anpil pou efè OASAS ap fè pou bay yon seri prevansyon konplè, tretman, rediksyon domaj, ak sèvis rekiparasyon. Atravè yon swen ak pwogramasyon

kontinyèl konplè, n ap rankontre moun kote yo ye a epi n ap ede yo reyalize objektif sante ak rekipasyon pèsonèl pa yo."

**Komisè Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral la, Kerry Neifeld, te deklare,** "Lè w gen yon kote pou w rele lakay ou nan kominote a, li ka fè yon gwo diferans pou yon moun ki gen yon andikap devlopmantral, sa ki pèmèt li gen plis endepandans ak enklizyon pandan l ap toujou resevwa sipò ki nesèsè yo. Mèsi Gouvènè Hochul ak Inisyativ Lojman Sipò Empire State la pou opòtinite rezidansyèl sa yo ki pral transfòme lavi ak anrichi kominote nou yo."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "30 milyon dola sa a nan prim ESSHI yo se yon egzanp angajman fèm Gouvènè Hochul pran pou ogmante rezèv lojman ak bay opòtinite lojman enklizif ki pèmèt Nouyòkè ki sanzabri ak vilnerab yo viv an sekirite epi yon fason endepandan. Dènye seri prim yo pral kreye jiska 1,400 lojman sipò ki ofri sèvis ki kapab chanje lavi ki ofri chans pou yon avni ki pi briyan, ki pi estab pou moun ki nan tout kwen Eta a."

**Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik lan Kelli Owens te deklare,** "San aksè nan lojman ki an sekirite epi ki nan pri abòdab, viktim vyolans ki baze sou sèks yo souvan oblije chwazi ant sanzabri ak yon lavi abi. Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la abòde bezwen enpòtan sa a epi kreye opòtinite pou plis viktim fè tranzisyon nan yon lavi libète. Mwen onore pou sèvi yon Gouvènè ki konprann entèseksyon ant estabilite lojman ak vyolans ki baze sou sèks epi sipòte inisyativ ki santre sou sivivan yo ki bay sekirite priyòrite."

**Komisè Pa Enterim nan Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services) Suzanne Miles-Gustave, te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman inebranlab li pou elve timoun, fanmi ak kominote ki pi vilnerab yo nan Eta a. Lojman ki an sekirite, ki garanti epi ki bay sipò bay estabilite ki nesèsè pou Nouyòkè nan tout kategori laj pou yo konekte ak sèvis kominotè vital yo, pou chèche nouvo opòtinite edikatif ak travay epi viv ak yon sans endepandans ki pi fò. Patenarya piblik-prive sa a enpòtan anpil pou ede fanmi yo ak kominote k ap fè fas ak defi inik yo pwospere nan yon fason ki tou senpleman pa t ap posib san sipò sa yo ki kapab chanje lavi."

**Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Aksè nan yon anviwònman pou viv ki an sante ka chanje dramatikman rezilta sante yon moun. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl Eta a nan Inisyativ Lojman Sipò Empire State la ak nouvo investisman 30 milyon dola anyèl sa a ki pral etabli 1,400 inite lojman ak sèvis sipò toupatou nan 35 konte. Finansman sa a pral dirèkteman asire ke plis Nouyòkè ki sanzabri, k ap goumen kont itilizasyon sibstans, oswa k ap fè fas ak lòt pwoblèm sante fizik oswa mantal gen lojman ki estab ak bon jan kalite sipò yo merite."

**Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare,** "Finansman sa a pral fè yon gwo diferans nan ede fanmi ak moun ki te ansyen sanzabri yo rebati lavi yo epi adrese defi ki te kache yo ki te kapab kontribye nan koz ki fè yo

eksperimante sitiyaşyon sanzabri. Angajman Gouvènè Hochul pran pou lojman sipò ap asire kèk nan parèy Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo genyen yon kote ki an sekirite ak abòdab pou yo viv epi li ap ede transfòmè lavi."

**Aileen Gunther, ki se yon Manm Asanble, te deklare,** "Mwen kontan wè eta New York ap envesti nan yon resous enpòtan konsa pou rezidan New York ki pi vilnerab yo. Lojman se yon dwa imen, epi finansman yo anonse jodi a pral ede moun ki gen difikilte pou yo jwenn yon kote pou yo viv, resevwa sèvis pou bezwen espesyal yo epi adrese pwoblèm sante mantal nan tout eta a. Nou bezwen kontinye angajman nou pou ede moun ki plis bezwen li, epi asire lojman sipò yo aksesib epi disponib toupatou nan New York."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418